

Basa Lan Sastra Jawi Minangka Sumber Kawicaksanaan

Kangge Mujudaken Watek Lan Pakerti Bangsa

Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta

Watawis wonten 2.500 basa ing sajadag, kalebet basa-basa daerah ing Indonesia, samenika nguwasaken badhe cures, makaten ingkang kaandharaken dening UNESCO sesambetan kaliyan Pengetan Dinten Basa Ibu Internasional, 21 Pebruari 2009. Ing laladan Indonesia piyambak saking 742 basa daerah, antawis 169 nguwasaken badhe cures amargi jumlah penuturipun kirang saking 500 [1]. Ing update atlas bab basa-basa ing sajadag ingkang nguwasaken badhe cures kasebat, UNESCO nglasifikasi wonten gangsal tataran, wiwit saking level: mboten aman, nguwasaken cures, badhe cures, kritis, dumugi saestu cures [2].

Kangge ngantisipasi kuwasosipun mbaka sakedhik curesing basa lan budhaya Jawi menika, pramila wonten sakathahing studi, seminar, diskusi lan dialog, mliginipun ing saben serial Kongres Basa Jawi, tansah kasengkuyung kanthi niat dedikatif kangge nglestantunaken lan ngrembakakaken basa lan budhaya Jawi, ingkang tarbuka karana inspiratif dening agami, kanthi aspiratif dening budhaya global, kang konstruktif kangge mujudaken watek lan pakerti bangsa, sarta konspiratif kaliyan Sila Kaping Tiga Pancasila ing perspektif Persatuan Indonesia.

Gesangken Pusaka Budhaya

Penelitian Pusat Bahasa sesarengan kaliyan Barbara F. Grimes, salah satunggaling pakar linguistik historis komparatif lan dialektologi, wiwit taun

¹ Satrio Atmojo, *75 Bahasa Daerah Punah, Seminar Evaluasi Warisan Budhaya, Yogyakarta, 9 Januari 2010, kacuplik dening Yoebal Ganesa & Neni Ridarineri, Republika, 11 Januari 2010. Cobi kasanding lan Barbara F. Grimes ing Ethnologue: Languages of The World (1988) ingkang nyebataken namung wonten 672 basa daerah. Miturut Kompas (26 Juli 2011) ing 10 Bahasa Daerah Punah, ingkang cures wonten 9 ing Papua lan 1 ing Maluku Ler. Data Kemenbudpar (2008), sadaya basa daerah wonten 738, lan kinten-kinten 15 basa saking laladan Indonesia Wetan/Tengah lan Sumatra kapratelakaken sampun cures. Kaangkah mugi Kongres saged nglenggahaken bedanipun angka-angka kalawau.*

² Antara, UNESCO: 2.500 Bahasa di Dunia Terancam Punah, 20 Pebruari 2009.

1992-2008 nembe saged meta-aken 442 basa daerah. Ing sawatawis taun penutur basa lokal mbaka sakedhik cacahipun saya kirang amargi dampak politisasi basa Indoneia minangka basa persatuan. Miturut Direktur UNESCO, Koichi Matsuura, curesipun salah satunggaling basa andadosaken sebab icaling pusaka budhaya, mliginipun tradisi lan ekspresi wicanten penuturipun, kawit saking geguritan lan carios dumugi paribasan lan lelucon.

Kita kedahipun nyengkuyung panganggenipun basa daerah, supados tetep gesang lestantun. Bab kang utami ing lingkungan kaluarga. Kangge nyengkuyung program UNESCO bab mother language, Pamarintah kedahipun wonten krenteg damel kamus basa daerah kang jangkep minangka rekaman pusaka budhaya daerah. Pangrakitipun Javanese-English Dictionary dening Stuart Robson lan Singgih Wibisono (2002) ingkang ngamot langkung saking 25.000 tembung kanthi conto-conto ukara, saged kaangge rujukan.

Mboten sadaya basa daerah anggadahi kekiyatan ingkang sami. Michael Krauss, salah satunggaling linguis saking Alaska Native Language Center (2000), merang dados tigang kelompok. Kapisan, basa ingkang mboten dipunkuwaosi lan mboten saged dipunginakaken para-nem saking kelompok penuturipun (moribund). Kaping kalih, basa ingkang nguwasaken cures lan para-enemipun sampun mboten nguwaosi lan ngginakaken basa ibunipun (endangered). Kaping tiga, basa ingkang kalebet aman ingkang mboten nguwasaken cures (safe) [3].

Miturut Krauss, tangguhing basa-basa daerah kajawi katemtokaken saking cacahing penutur, ugi dening bab-bab kang gegayutan lan budhaya utawi tradisi tulis, panganggenipun ing pawiyatan, lan ayah-ayahanipun minangka sarana anyengkuyung kabudhayan daerah.

Ing pamucalan sekolah, wonten saenipun yen dipunpanggalihaken supados siswa kaparingan pilihan nyinau salah satunggaling basa saking warga Nuswantara sanes, saklintunipun pilihan basa manca. Amargi kanthi nyinau basa daerah, ateges ugi nyinau budhaya warga

³ Hasan Alwi, *Kebijakan Bahasa Daerah, Konferensi Bahasa Daerah, Jakarta, 6-8 November 2000, kacuplik saking Setya Amrih Prasaja, SS, Kurikulum Bahasa Jawa SMA/SMK, Sebuah Tinjauan Singkat, TOT Pengembangan Model-model Pembelajaran Bahasa Jawa, Islamic Center, Manyaran, Semarang, 4-7 November 2008.*

penuturipun. Kanthi cara makaten, kita badhe langkung gampil anggenipun sami mangertosi budhaya warga sanes, ingkang tundhonipun lajeng badhe sakalangkung ngiyataken kapribaden bangsa Indonesia.

Bab menika adhedhasar, kados bebasan Jawi ngangsu apikulan warih [4], kang ateges sakderengipun ngupadi pasinaon kedahipun sampun anggadhahi dhasar-dhasar ilmuniyun piyambak langkung rumiyin. Sesambetan bab menika, prayoginipun kita nyinau salah satunggaling basa warga Nuswantara langkung rumiyin sakderengipun nyinau basa manca, supados kita anggadhahi tangguhing budhaya, senajan wonten ing satengah ombyaking budhaya global.

Adamel Pangrembakaning Basa Indonesia

Kabar-kabur bab disintegrasi tansah dipuntuwuhaken nalika daerah anggadhahi niat ngrembakakaken budhaya utawi basa daerah. Kedahipun kabar kang mboten sunyata menika kedah dipunwiradat dados studi kasus relasi antawising pangrembakaning basa Indonesia lan basa daerah. Awit, sajatosipun ekspresi lan aktualisasi sastra, basa lan budhaya daerah kanyata dados hulu ‘kawitan’ sarta hilir ‘pungkasan’ kangge pangrembakaning sastra lan budhaya Indonesia.

Kasebat hulu ‘kawitan’, amargi sastra, basa lan budhaya daerah minangka sumber rujukan lan panyengkuyung pangrembakaning sastra, basa lan budhaya nasional. Sastra daerah adamel kebaking warna ing wacana sastra Indonesia, lan basa daerah adamel kathahing tetembungan basa Indonesia. Dene budhaya daerah anggadhahi pisumbang dhateng budhaya nasional, ingkang tundhonipun saged adamel wewatekan ingkang piniji minangka kapribaden bangsa. Kasebat hilir ‘pungkasan’, amargi wusananipun ugi dumugi malih dhumateng kapribaden bangsa kita piyambak.

⁴ *Beda tafsir teges kaliyan pemanggihing Drs. Subalidinata bab Serat Pepali Ki Ageng Sela pupuh VI pada 8, teks ‘angangsu apikulan warih’ (‘mengambil air dengan pikulan air’), ‘canthoka ngemuli lenge’ (‘katak menyelimuti liangnya’, ‘baita ngemot jaladri’ (‘perahu memuat lautan’), lan sanesipun, nedahaken bab ingkang mokal ing kasampurnaning agesang (tiyang Jawi).*

Pamanggih menika ingkang kedah dipunreka muging sageda angrembaka, saperlu anuwuhaken semangat lan prakarsa daerah kangge gesanging basa daerah, kalebet basa Jawi, ananging kedah tetep ing salebeting pangrembakaning basa Indonesia.

Pamawas Global Alelandhesan Budhaya Jawi

Sayektosipun kapribaden lokal menika kedah kabangkitaken malih kangge manunggiling bangsa. UNESCO mratelakaken bilih maewu-ewuning budhaya lokal ingkang mawarni-warni menika kedah kajagi lestantunipun, yen ing tembe mboten badhe rumaos kecalan ekspresi lan pangertosan dhateng budhayanipun piyambak. Pangertosan menika wigatos sanget, amargi kabudhayan kedah dipunmangertosi minangka keteging agesang ingkang tansah ewah dening dayaning pasrawungan global. Rak mila wiwit kala rumiyin, bab-bab kang gayut kaliyan budhaya lokal kaliyan tradisi-tradisi ageng sajagad sampun nuwuhaken warna-warnining budhaya Nuswantara. Kadadosanipun magepokan menika mboten mrenthul piyambak, ananging kados kasebat dening Umar Kayam tuwuh saking sesambetan ing cecaturan antawisipun para warga ing bebrayan ageng.

Lampah kang wigati inggih menika, kados pundi anggen kita saged angadhahi “Pamawas Global Alelandhesan Budhaya Jawi”, kanthi mundhut tatanan kamajengan saking budhaya global ingkang laras kaliyan budhaya Jawi lan kapribaden Tiyang Jawi.

Homi Bhabha (1994) nyebataken gagasan mimikri kangge anggabaraken proses panedhak utawi pangampilipun budhaya saking manca. Sajatosipun mimikri mboten gumantung dhumateng budhaya manca, ananging awujud counter culture, dene panedhak rumaos remen ing swasana ambivalensi. Amargi mimikri saklintunipun mratelakaken imitasi, ananging ugi subversi. Kanthi makaten mimikri saged dados strategi budhaya kangge angadhepi dominasi budhaya global. Kados sesandi, mimikri asipat

manipulatif, kados nglestantunaken ananging ugi nolak dominasi. Inggih menika ingkang dados lelandhesaning kapribaden budhaya hibrida [5] .

Proses hibridasi menika kasebat mimikri, kados ingkang dumados ing arkeologi lan seni tari ingkang kapratelakaken piyambak dening Rabindranath Tagore nalika tindak ing Ngayogyakarta rikala taun 1927. Sasampunipun mirsani mawarni-warni tontonan seni tari, piyambakipun ngendika, “Aku weruh India ing ngendi wae, ananging aku ora rumangsa ngerti yen kabeh mau sumbere saka India”. Pamrakarsa adeding Shantiniketan –ingkang sakawit dados panuladha Taman Siswa menika—rumaos gumun sanget dening inggiling kapinteran anglaras dening masarakat Jawi saking sumber-sumber India.

Ngantos dumugi samangke dereng wonten bukti arkeologis ingkang saged kadhudhah kangge nyumerepi evolusi alon seni India ing Tanah Jawi. Kados dumadakan kemawon sakathahing reca-reca menika timbul. Prambanan, Borobudur, lan Mendut dhasaripun sampun ewah tebih saking ciri-ciripun ing India.

Lajeng, “Sinten budhayawan kita ing disiplin arkeologi lan seni tontonan wonten ingkang kersa anggadhahi minat naliti karya-karya masterpiece menika kangge kamajuaning budhaya Jawi minangka sumbangsihipun dhumateng budhaya nasional Indonesia?”

Saking Lokal Tumuju Nasional, Wangsul ing Lokal

Kanthi adhedhasar sujarah, saged kita raosaken dene sampun kakadosan transformasi budhaya ingkang baku, ewah-ewahan rujukan saking lokal tumuju dhateng nasional [6]. Nalika ing jaman pra-kamardikan wiwitanipun tuwuh gerakan-gerakan ingkang asipat etnis, kadosta: Jong Java, Jong Sumatera, Jong Celebes, Jong Ambon, wusanipun sadaya kalawau saged dipunmanunggilaken ing Soempah Pemoeda. Makaten ugi margi dumadosing basa Melayu tumuju basa Indonesia.

⁵ *Antariksa, Identitas Hibrida, Newsletter KUNCI, No. 6-7, Mei-Juni 2000.*

⁶ *HB X, Yogyakarta Kota Budaya: Potret Transformasi Kebudayaan Nasional, Ceramah, Lustrum VII IKIP Sanata Dharma, Yogyakarta, 29 Juni 1990.*

Sasanti Tut Wuri Handayani sampun dados sasanti kagem para pamangku pawiyatan, inggih menika wujuding pisungsun budhaya Jawi kangge pangrembakaning tuntunan bangsa Indonesia. Nalika wacana budhaya kagelar, lajeng isi-ingisi saged dumados. Yen Tut Wuri Handayani lajeng saged dados simbol nasional resmi, tamtu ing mriku wonten ewah-ewahan lan panyelarasan gagasan lokal kaliyan kasunyatan enggal.

Ing bab menika, kita samenika sampun mboten saged namung pangandikan bilih budhaya Jawi namung kangge rujukanipun tiyang Jawi kemawon, kados rikala kita dereng mangertosi jembaring tlatah Nuswantara lan mawarni-warnining warga kita, ugi budhayanipun. Ing salebet jembaring pamawas menika, sasambetan kaliyan tuntunan asli lokal ing panggenan sanes, lajeng saged kadadosan. Tuntunan adi ingkang mawarni-warni asalipun menika sami luluh lan nuwuhaken adonan enggal, ingkang sayekti saged mikukuhaken manunggiling bangsa kita.

Ananging samenika, sampun dumados sawalikipun, saking nasional wangsul tumuju dhateng ing lokal malih. Miturut Huntington (1996), kadadosan menika minangka pratanda minggahing semangat etno-nasionalisme kang cupet sarta kasadaran kapribaden warga, budhaya lan agami. Ananging, panyupeting kapribaden menika sesarengan kaliyan pawiyaraning kapribaden, amargi para warga kang maneka warni menika saya kathah ingkang magepokan kaliyan budhaya global.

Tundhonipun, kita bangsa Indonesia kedah mikukuhaken kekiyatan budhaya-budhaya warga piyambak, kalebet budhaya Jawi, kanthi upaya nguri-uri murih pangrembakaning budhaya ingkang laras kaliyan kemajengan jaman!

Mikukuhaken Rajutaning Serat-serat Budhaya

Ing jaman otonomi daerah samenika, Pamarentah Pusat prayoginipun ngupadosaken salinan aksara lan alih basa sadaya kandhutan kabudhayan daerah lajeng kasalin ing basa Indonesia. Kajawi saking menika, ugi kangge ngirangi lumebetung tembung manca kang wetah ing basa Indonesia. Kangge

nduwa lumebet ing tembung manca menika, perlu ngupadi gantosing tembung manca saking sumber-sumber tradisi tulis saking para warga Nuswantara.

Ing sasambetan kaliyan mikukuhaken manunggaling bangsa supados saben warga sami dipunupadi sageda sapa aruh lan sami wanuh, ing salajengipun sami-sami sesarengan paring lan anampi tuntunan saking budhaya warga sanes. Inggih samenika ceceg wekdalipun kita angukuhaken semangat Bhinneka Tunggal Ika, mboten namung mligi saking wacana politik kewala, ananging ugi ngantos lumebet ing pasrawungan budhaya ingkang sakalangkung rumaket. Tuladhanipun Mochtar Prabottinggi [7], anggadhahi pangimpen supados warga Bugis sageda nyinau saking warga Jawi lan Minang. Saking tuntunan adiluhung Jawi, warga Bugis sageda nyampurnakaken dhasaring siri, supados mboten namung awit saking cupeting bab-bab kang mligi ing pasedherekan kemawon, ananging sageda njangkah lumebet ing tuntunan ingkang langkung inggil kagem ajining bangsa.

Saking warga Minang, tiyang Bugis sageda nyinau dhasaring musyawarah, awit wewatekanipun tiyang Bugis kaken sanget anggenipun ngudhari perkawis, mboten saged ewah, amargi siri mbetahaken rampung 'sakdeg-saknyet'. Saking tuntunan Jawi, tiyang Bugis sageda nyinau bab relativisme nilai-nilai lan internalisasi sarta preservasi kautamaning kalbu. Warga Jawi lan Minang ugi sageda nyinau tuntunan Bugis bab satya-wacana ing tembung kana, awit tiyang Bugis mboten remen angageng-agengaken tembung. Tembung akkanaka yektinipun 'kula wicara' anggadhahi bobot ingkang saged kapitados.

Makaten ugi warga sanes, sageda nyinau budhaya lingsem al-haya lan wicanten ingkang leres quli al-haq kang dados pribadining Muslim Aceh. Mestinipun kedah dipundadosaken padatan sipat "budhaya lingsem" menika kagem para pangageng nagari, kados ciri-wancining tiyang Aceh. Saking budhaya Batak, warga Nuswantara sanes sageda nyinau sipat 'ca-blaka' lan lampah ingkang demokratis saking warga Batak.

Menawi saling-silang budhaya menika saged kaleksanan, tamtu badhe anambahi adiluhunging budhaya Indonesia. Saiba endahipun menawi kanthi akulturasi budhaya menika karajut dados "serat-serat budhaya" minangka

⁷ Mochtar Pabottinggi, *Hak-hak Individu dan Sosial di Indonesia, Artikel Yayasan Paramadina, Bagian 4.*

mozaik kang maneka-warna ingkang sami ngiyataken sesarengan. Kados dene serat-serat ing salebeting wit klapa, utawi rajutan benang tenun. Salah satunggaling resiprokalitas budhaya ingkang maneka-warna sageda maujud, saengga kita mboten badhe kakunjara ing stereotipe ingkang salah kaprah.

Kantheni makaten kita mboten namung gesang sakalangkung rukun kantheni mangertosi bab kang hak utawi wajibing sesami. Langkung saking menika, kita ugi sagah anindakaken pambangunan kantheni saksakedhik-sakedhiking distorsi, raos sami 'su-udzon', lan klenta-klentuning pangartosan, amargi sampun sami pitados antawisipun satunggal lan sanesipun (mutual-trust) lan saged mujudaken salebeting bebrayan enggal ingkang sami-sami pitadosipun (trust-society).

Fungsi Basa lan Aksara Jawi

Basa lan sastra Jawi anggadahi dwi-fungsi, asipat primer awujud seratan tulis ingkang kasebat fungsi literer, lan asipat sekunder ingkang anggadahi fungsi estetis lan fungsi kultural. Ing salebeting rancangan Ngiyataken Kapribaden Etnis lan Budhaya Jawi ing Pasrawungan Global, panggulawentah fungsi literer ingkang momot tuntunan adiluhung menika ingkang saestu utami, lan ingkang kedah dipunmantepaken rumiyin minangka sumber kawicaksanan Jawi kangge mujudaken watek lan pakerti bangsa kang unggul.

Fungsi Literer

Dipunbetahaken pangupaya ingkang saestu lan mboten enggal gampil nglokro, inggil bektinipun anggenipun purun ndhudhah, naliti, anguji lan angrembakaken basa Jawi kantheni maringi "ruh" enggal fungsi literer-ipun, saengga migunani ing bebrayan ageng. Kejawi saking menika, ugi kalajengaken pangembanganipun fungsi estetis awujud karya cipta ing maneka warni seni saking sadaya warga Nuswantara, supados saged "micara" ing pasrawungan budhaya global.

Ngiyataken kapribaden keJawen menika kedah sesarenagn lan selaras kaliyan upaya ngiyataken kapribaden Melayu, Bugis, Batak, Bali, Minang, Banjar, Dayak, Madura, Ambon, Flores, Aceh, Papua, lan sapanunggilipun, supados mboten andadosna seling-serap ingkang mboten perlu, lan tansah kalenggahaken ing salebeting semangat manunggiling bangsa Indonesia, lan ugi malah sageda kangge pangrembaka, pangrumat lan pangiyat semangat Bhinneka Tunggal Ika kita piyambak.

Fungsi literer menika sesambetan kaliyan tuntunan, gagasan utawi kandutan olah-pikir ingkang kawrat wonten ing seratan tulis, kadosta: prasasti, piagam, manuskrip, serat, babad, primbon, ensiklopedi kados ing Serat Centhini, angger-angger, pranatan, nawala sarta wujud seratan tulis sanesipun.

Manuskrip ingkang cacahipun maewu-ewu lan ugi ngemu tuntunan kang adiluhung menika, saged kangge pawitan pasinaon filosofi minangka sumber rujukan ingkang saged mujudaken watek lan pakerti bangsa, lan ugi saged kangge sumber pangrembakaning ngelmu lan teknologi. Kajawi saking menika, ing fungsi estetis-ipun saged kangge sumber pawitan baku karya-karya cipta seni ingkang sakalangkung edi lan adiluhung ingkang tumuju kangge amangun budaya Indonesia.

Ing jaman Mataram Kartasura karipta karya-karya susastra ingkang dipungelar dados seni tari. Serat Menak lan Serat Iskandar (1713) tedhakan Jawi saking Hikayat Amir Hamzah lan Hikayat Iskandar Zulkarnain [8], cariyos saking Nagari Persi basa Melayu dipunewahi dados sastra lan wayang menak. Ngarsa Dalem Sri Sultan Hamengku Buwono IX ugi nate anggubah dados joget golek menak kanthi nglebetaken 16 jinis lampah silat Minang. Ing jaman Kartasura menika, ugi karipta Serat Manikmaya dening Kartamursadah, salah satunggaling priyagung Priyangan. Serat Manikmaya saperangan dipungubah saking Serat Tantu Panggelaran saking Tanah Pasundan.

⁸ *Siti Chamamah-Soeratno, Hikayat Iskandar Zulkarnain: Analisis Resepsi, Balai Pustaka, Jakarta, 1991.*

Kanthe cara makaten dipunajab sageda tuwuh wacana budhaya kanthe akulturasi budhaya antawising para warga bangsa ingkang saged kaleksanan ing seni sastra lan seni tari, kang tundhonipun badhe ngiyataken kapribaden kita minangka sarana manunggaling bangsa ingkang sakalangkung kukuh.

Fungsi Estetis

Saking aksara Jawi saged karakit dados karya sastra tembang ingkang anggadhahi rima wiwitan lan pungkasan ingkang kasebat kridha sastra, kang kawrat ing Serat Kridha Sastra (Serat Kridha Maya) karyanipun Mangunwidjaja (1915), kang kaperang dados 20 bait tembang Dhandhanggula.

Kejawin saking menika, ugi saged kadadosna wahana mujudaken karya sastra akrostik, mesostik, lan telestik. Akrostik inggih menika puisi-tembang ingkang aksara wiwitan ing saben larikipun karipta reroncen tembung-tembung ingkang ngemu suraos tartamtu, dene yen kawaos saking nginggil dumugi mangandhap. Mesostik kanthe pamaos aksara tengah; lan telestik medal ing aksara pungkasan (Zaidan, dkk., 1991). Salajengipun conto akrostik lan telestik (silabe-silabe kaserat kandel) ing tembang Kinanthe karyanipun Sontoprawiro (1991) kangge mangayubagya Kongres Bahasa Jawa I ing Semarang. Yen kawaos saking nginggil-mangandhap ungel-ungelanipun: Kongres Basa Jawa rum lir sari wangi (Kongres Bahasa Jawa bagai bunga mewangi), kados kapacak ing sangandhap menika [9].

**Kong-as gandanira a-rum,
gres kadya manah saka-lir,
Ba-sa busananing bang-sa,
sa-stra Jawi denri-u- ri,
Ja-tinikang Nuswa Ja-wa,
wa-jibe trus dentiti-ngi.**

Fungsi estetis sanesipun inggih menika kaligrafi, seni lukis ingkang nggambaraken kaprigelan kaendahaning seratan tulis. Conto kaligrafi awujud

⁹ Slamet Riyadi, *HA-NA-CA-RA-KA (Kelahiran, Penyusunan, Fungsi dan Makna)*, Yayasan Pustaka Nuswantara-Balai Penelitian Bahasa, Yogyakarta, 1996.

ringgit purwa, sato kewan, tetuwuhan utawi bangunan. Kaligrafi ringgit purwa ingkang kondhang awujud Semar, salah satunggaling wonten ingkang ngewrat sasanti: Pancasila dhasaring nagara, dak candhi ing ati, dak cakake ing pakarti. Ing Serat Kridhaksara (Katalog Museum Radya Pustaka, No. D-44, 1897), kawrat lukisan kaligrafi awujud manungsa, ingkang lajeng kaconto ing Serat Sastra Harjendra (Anonim, 1929).

Kridha sastra dalah seni kaligrafi menika yen karembakakaken dados puisi-tembang (kados macapat) lan seni lukis ing jaman samangke tantu badhe nambahi sumbangsihipun dhumateng seni sastra lan seni rupa Indonesia ingkang saged nuwuhaken rasa mongkoking manah.

Fungsi basa lan sastra Jawi sanesipun inggih menika fungsi kultural ingkang wonten sesambetanipun kaliyan mantra, petangan, jejampi, dhedhaharan lan unjukan, sarta cariyos ringgit purwa.

Fungsi bhudaya menika, ing bab jejampi, yen karembakakaken karena paniliti farmakologi saged dados ngelmu jejampi tradisional ingkang saged kagolong layak ing wawasan medis. Ewa dene pangarembakaning dhedhaharan lan unjukan kanthi ramuan herbal saged mahanani agesang kang sehat kanthi cara tradisional Jawi kang alami.

Filsafat Jawi

Kados padatan, basa Jawi anggadhahi suraos ingkang kathah tegesipun, kados ta suraos simbolis, etika, estetika, lan filosofis, ingkang lebur-luluh manunggal lan sisah sanget kapisah satunggal lan sanesipun. Filsafat, angadhahi teges ngelmu ingkang katuju kangge anggayuh hakekat kang leres. Ing wawasan filsafat universal, hakekat ingkang leres arahipun ing lampah agesang namung mligi ing olah-cipta.

Dene ing filsafat Jawi, hakekat ingkang leres cumondhok wonten ing olah-raos, inggih menika sari-rasa jati—sarira sajati, sari-rasa tunggal—sarira satunggal. Adhedhasar saking tajeming kabatosan ing tataran inggil menika, filsafat Jawi saged anglumantaraken sok sintena sageda dumadi dados jalma kang utami. Sadaya bab ingkang sesambetan kaliyan owah gingsiring jaman saged kapirsan saking wawasan kabatosan ingkang bener-pener lan genep-

genah. Kandhutanipun filsafat ingkang kadadosan saking logika, etika, lan estetika ing kawruh Kejawen kasebat kanthi tembung cipta-rasa-karsa.

Pagelaran ringgit purwa menika pralambang wewayanganing agesang, ugi sampun saged ngesuhi sadaya tigang kandhutan ingkang kasebat kalawau. Lampahan Begawan Ciptoning dados pralambang Arjuna ingkang nengenaken daya-cipta lan logika. Lampahan Bima Suci pralambang Wrekudara ingkang nengenaken daya-karsa dan etika. Dene lampahan Jamus Kalimasada pralambang Puntadewa ingkang nengenaken daya-raos lan estetika.

Kawicaksananing agesang ingkang lelandhesan logika-etika-estetika, inggih cipta-rasa-karsa menika, ingkang ngemu suraos leres, sae lan endah, ing filsafat Jawi sampun rumasuk ing sanubarining jalma pinilih, pethingane manungsa, pitatane dumadi. Manungsa ingkang kagungan jiwa satriya pinandhita, mboten tumuli gumun dening ewah-ewahing kawontenan bebrayan, amargi pribadinipun sampun pana pranaweng kapti tan samar pamoring suksma, sinuksmaya winahya ing ngasepi. Kabatosanipun sampun cetha lan terwaca, saged maos sadaya ingkang badhe kalampahan ing ngajeng. Pambukane warana, sinimpen telenging kalbu, tarlen saking liyep-layaping-aluyup. Saking salebeting batosipun mracihnani sumunaring kawibawan pribadi. Inggih menika kang dados inti sarining pawucal filsafat Jawi.

Gegandhengan kaliyan menika, kita layak caos pakurmatan dhumateng budhayawan Darmanto Jatman ingkang sampun ngripta buku Psikologi Jawi. Nalika kathah seratan ingkang namung nindaki tetiru tuntunan Jawi supados laras kaliyan jaman kemajengan samenika, buku anggitanipun malah lumebet dumugi ing ruhing agesang Manungsa Jawi. Darmanto nglenggahaken budhaya Jawi minangka saka guru, mboten namung dados uba-rampe ingkang namung mituruti kabudhayan modern kemawon, ananging malah dados saka panyangga strategi kabudhayan Jawi kangge angadhepi budhaya global.

Yen kapandulu saking bab filsafat, mratelakaken wontening tigang sumber ngelmu, inggih menika: pancaindera (empiricism), akal (rationalism), lan intusionisme (intuitionism). Falsafah Jawi kalebet aliran intusionisme kagolong ngelmu ingkang amot pralambang. Nalika kabikak ing tembung basa dumados paradoks, kadosta: nglurug tanpa bala, menang tanpa ngasorake, digdaya tanpa aji, mati sajroning urip, lan sanesipun.

Ing paragraf menika sajatinipun kula kepengin nanting sarira: Sinten sawenehing empu budhaya kita ingkang anggadhahi karsa naliti lan nyerat Ilmu Filsafat Jawi, anglajengaken gagasanipun Darmanto supados sageda kawrat ing jurnal internasional ingkang kapitaya?

Amargi samenika sampun dados padatan ing laladan brang Kilen anggenipun angudi filsafat Timur, mliginipun saking China lan India, kadosta ing lampah manajemen utawi kangge cepengan larasing agesang lair-batos, kados ing filsafat Tao utawi lampah Yoga.

Dene inggil-andhaping kabudhayan saged katitik saking etika ingkang katindakaken dening masarakat-bangsa. Kangge bebrayan Jawi, etika asring kasebat: pepali, unggah-ungguh, suba-sita, tata-karma, budi-pekerti, wulang-wuruk, pranatan, pituduh, pitutur, piweling, wejangan, wulangan, wursita, wewarah, wedharan, duga prayoga, lan wewaler.

Tiyang Jawi saged kaanggep gesangipun kasil yen sampun pana ing tumindak empan-papan kanthi nglenggahaken dhiri pribadinipun ing unggah-ungguhing basa, agal alusing rasa, lan jugar genturing tapa. Para pangageng Jawi wiwit kala rumiyin sampun mangertosi bab wigatosing unggah-ungguh menika. Karana menika, pujangga kraton kaparingan ayahan kang mligi angripta tatanan ing bebrayan ingkang wajib katindakaken dening sedaya warga. Unggah-ungguh Jawi saged karunut saking tuntunan sujarah, sosiologis lan filosofis ingkang sayekti sampun ngoyod wonten ing bebrayan.

Peprincen suba-sita utawi unggah-ungguh ingkang dados kawicaksanan bangsa menika prayoginipun dipunpasinau lan dipundhudhah kanthi ilmiah, saengga layak kadadosna rujukan kangge para sarjana, pujangga, budhayawan, pamucal, mahasiswa sumrambahing warga-masarakat.

Dene ing bab sanes, olah-seni sampun dados peranganing agesang manungsa. Saben bangsa tamtu anggadhahi olah-seni piyambak. Kanthi agami gesanging manungsa saged kaparingan arah, kanthi ngelmu saged langkung gampil, lan yen kanthi olah-seni saged dados langkung endah. Filsafat seni angupadi mratelakaken sesambetaning kandhutan olah-seni kaliyan

peranganing agesang kanthi pamawas ingkang integral, sistematis, lan komprehensif. Olah-seni wonten sesambetanipun kaliyan duga-prayoga, lingkungan agesang, pawiyatan, sesrawungan, lan kalebet bebrayan ageng.

Conto filsafat seni menika, saged kapirsani wonten ing kandhutaning Joget Mataram yasan dalem Ngarsa Dalem Sri Sultan Hamengku Buwono I, ingkang kasebat: sawiji, greget, sengguh, ora-mingkuh. Sawiji ngemu suraos kados tiyang samadi, anamung mboten lajeng supe purwa duksina (in-trance); greget inggih menika agunging semangat ing batos, anamung mboten dados kasar; sengguh pitados sanget dhateng dhiripun, ananging tansah asipat prasaja mboten lajeng umuk; dene ora-mingkuh, mboten badhe mundur sapecak lan tetep njagi disiplin dhiri.

Kados padataning pasemon Jawi, sekawan wewatekan menika asipat paradoksal ingkang ateges mono-dualistis. Kenging menapa kasebat makaten, amargi yen klenta-klentu anggenipun nindakaken sengguh upamanipun, sawenehing paraga beksa saged ketingal umuk ingkang tundhonipun mboten nalisir ing wewatekaning Joget Mataram. Piwucal yasan dalem menika, kados wonten larasipun kaliyan gagasan fantastic-realism saking Konstantin Stanislavski, inggih menika nyawijining lahir-batos ing bab seni peran (psycho-physical and emosional involvement).

Ingkang dados pitakenan panutup inggih menika: Sinten seniman kita ingkang anggadhahi krenteg naliti sesambetaning filsafat Joget Mataram kaliyan inner-realism-nipun Stanislavski menika, lan ingkang kuwawi mujudaken kolaborasi seni tari kaliyan teater modern?

Pungkasaning Wacana

Menawi kita ambuka Babad Giyanti, Ngarsa Dalem Sri Sultan Hamengku Buwono Kaping I nate paring sabda, “Satuhune Sri Narapati Mangunahnya Brangti-Wijayanti”. Kaprihatosan dalem menika anggambaraken bilih saking wantering politik kolonialisme Walandi andadosna para ratu ing Tanah Jawi kados dene nandhang branta lan raos lungkrah mboten kagungan daya. Kawontenan menika kedah dipun adhepi kaliyan wijayanti lan puwarane sung awerdi, gagat-gagat wiyati.

Murih saged jaya anggenipun ambengkas kaprihatosan menika, supados nulada sipat tulusing pambudi ingkang satuhu tanpa pamrih tumuju sumunaring cahya ingkang kadya biru nirlkama wonten ing dinten tembenipun.

Kaprihatosan menika wonten larasing sujarah kaliyan globalisasi ingkang kita adhepi samenika, ingkang sayekti kanthi pangajab supados kita saged angimbuhi kekiyataning budhaya kita. Pramila kita kedah tetep eling lan waspada ing jaman Kala-Tidha menika, ingkang dipunwarnani kaliyan kawontenan ingkang sarwa tidha-tidha –kebak was-was, mangu-mangu ing ndriya, mboten wonten kang pesthi, sarwa pangrekadaya, mboten jujur, lan kebak ing apus-apus.

Kadadosan ingkang dumadi ing kala rumiyin menika, saged angggambaraken dene pangembating praja sampun sami kecalan kapitadosan saking warga, awit mboten saged dipundadosaken undering patuladhan. Samanten ugi ing salebeting kita ngupaya Ngiyataken Kapribaden Etnis lan Budhaya Jawi ing Pasrawungan Global menika, patuladhan pengagenging bangsa lan warga Jawi piyambak ugi sanget kaantu-antu tumindakipun.

Patuladhan saking para pangageng menika sajatosipun pancen dados panutan utami kangge para warga anggenipun saged nuwuhaken krenteg nulad sadaya tuntunan piwucal utawi pitutur-luhur Jawi kalawau, ingkang tundhonipun lajeng saged rumasuk dados tumindak ing salebeting bebrayaning padintenan.

Sadaya kang kaandaraken kalawau namung minangka kaca benggala, bilih kawontenan ing alam globalisasi samenika kados napak-tilas sujarah, ingkang sampun sakmesthinipun kedah kita upadi kangge pangluwar saking ruwet-rentenging kang sinandhang bangsa wonten ing pasamuhan agung ingkang sayekti kinurmatan menika.

Surabaya, 28 Nopember 2011

GUBERNUR

DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA,

HAMENGKU BUWONO X